Цыхухэр наркотикхэм емыгъэтхьэкъуныр псоми ди зэхуэдэ Іуэхущ

КІуэкІуэ Ю. А. КъБР-м Наркотикхэм япэщІэтыныжыкІэ и комиссэм и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтыныжыкІэ и комиссэм и зи чэзу зэІущІэр. Абы къырихьэлІащ федеральнэ центрым и ІыкІуэхэр, КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ, законхэр къыдэзыгъэкІ и органхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр.

КІУЭКІУЭ Юрий жиІащ наркотикхэм итхьэкъуэр гъэмэщІэным къэрал властми жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми зэпымыуэ гулъытэ хуащІын зэрыхуейр, ауэ псом япэ абы къарууэ яІэр ирахьэлІэну хабзэхъумэ органхэм къаз эрыпэщытыр. Апхуэдэ лжьыбгъэм и екІуэкІыкІэм куэдкІэ «елытащ нэгъуэщІ хабзэншагъэхэмрэ щІэпхъаджагъэхэмрэ гъэмэщІэнри».

Зэщ Іэгъэуіуааэ къуаншагъэхэр зылэжь гупхэм хэтхэм ящыщу къыщІагъэщхэм я бжыгъэм зэпымыууэ хэхъуэ пэтми, наркотикхэр зыщІэжьм, наркотикхэр щызраХьэлІэ щІыпІэхэр кІэлъыгъэпэщхэм, щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зылэжьхэм, апхуэдэу акъылыр зэІызыгъэхьэ щхъхь гуащІэхэр зэблэгъэкІыным пыщІахэм ящыщу къыщІагъэщхэр нэхъ мащІэ хьу зэпытщ.

Гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуащІахэм ящыщщ КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэр, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжыкІэ и министерствэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр хэту ирагъэкІуэкІ профилактикэ лэжьыгъэр нэхъ жыдэжру зэтеГъуэвэн зэрыхуейм. «ЦІыхухэр наркотикхэм емыгъэтхьэкъуным пыщІа лэжьыгъэм зыми зыщидзей хъунукъым», - къыхигъэщхьэхуКІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Нэгъабэ и накъыгъэ мазэм оперативнэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ акъылыр зэІызыгъэхь «Лирика» хущхьуэ лІэужьыгъуэр егъэлеІуэ куэду республикэм щІэзыщэр къэгъуэтыным теухуауэ. Абы ипкъ иткІэ уголовнэ Іуэху зыбжанэ къызэІуахащ икІи, УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэзкІым кІэлъыплъыныжыкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу республикэм щыІэм и унафэщІ Сокъур Олег зэрыжиІамкІэ, ахэр зэхэгъэкІын яухащ. КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуКІащ а уголовнэ Іуэхуэр зэман гъунэгъу дыдэм къриубыдэу судым нэгъэсын зэрыхуейр.

КъБР-м щыІэ МВД-м мы Іуэхум хэгъэзауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и гугъу щІым республикэм и Унафэщ Іым кІигъэпэгъуащ а Іуэхущ Іапі эм и къэхутакІуэ Іэнатіэм пыщІахэм, апхуэдэу полицэм и участкэ инспекторхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэн хуейуэ къыззрилъытэр. Апхуэдэу абы къигъуващ иужьрей зэманым наркотик папщІэу къагъэсэбэпу хуежьа дезоморфин, тропикамид зэращэр къызэтегъэуВыІэн хуейуэ.

Зэ Іущ Іэм и кІэуэм КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхуКІащ терроризмэмрэ экстремизмэмэрэ я щІэпхъаджагъэр къэмыгъэхъуным хэгъэзауэ зэфІэгъэкІыпхъэ къаІэн зыбжанэ. «Дэ щІэпхъаджащІэхэм япэ сытым дежи зидгъэщІн хуейщ. Абыхэм къабгъэдэкІ шынагъу гуэр щыІэу къыщыгтІыытам деж зыхуэфащэ лэжьыгъэ егъэкІуэкІыпхъщ. А Іуэхум махуэ къэс и нэІэ трагъэтыну къапэщІтщ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм. Террористхэм я сатырхэм хэту Сириием щыІэуахэр иджыпсту яхэралым къихьэжыну хущІокъу. Абыхэм адэкІэ ялэжьыну я мурадхэр къыбгурыІуэну гугъуекъым», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№54 (23.212) • 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 24, махуэку • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Зэгурыіуэн, зэрылъытэн

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мазхуитКІэ щекІуэкІыну дыгъуасэ къыщызэІуахащ «Кавказ Ищхъэрэм щыізэрахьэ динхэмрэ абыхэм япыщІа Іуэхугъуэхэмрэ» зыфІаща зэІущІэ. Ар къызэригъэпэщащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм и Жылагъуэ советым.

ЗЭХЫХЬЭМ кърагъэблэгъахэм пэублэ псалъэкІэ захуигъэзащ КИФЩІ-м и Жылагъуэ советым лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэмкІэ и комиссэм и тхьэмадэ **Омаров Абдула**. Абы къыхигъэщащ щІызэхуэса Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр, къыхалъхьэну чэнджещэмрэ къащтэну унафэхэмрэ я лэжьыгъэм къащыхуэщхьэпэну зэрыщыгугъыр.

Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и къуэдзэ, КИФЩІ-м и Жылагъуэ советым и Президиумым и Іэтащхьэ **Ведерников Михаил** и псалъэр триухуащ лъэпкъэм яку дэлъ зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэныжкІэ дин зэхуэмыдэ зезыхьэхэм я зэхущытыкІэм куэд зэрелъытам.

- Нобэрей зэманым дыдекІуэкІын, гъащІэм къигъэув Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм дапэлъэщын щхьэкІэ, дызэгурыІуэн, дызэрылъытэн хуейщ. Си фІэщ мэхъу ди лэжьыгъэмкІэ сэбэн хъун гупсысэ узынщэхэр мы зэІущІэм хэтхэм къызэрыхалъхьэнур, - жиІащ Ведерников Михаил.

Псыхуабэрэ Черкесскрэ я архиепископ, КИФЩІ-м и Жылагъуэ советым хэт **Феофилакт** къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм хабзэ хьэлэмэтэхэр къазэрыдекІуэкІыр, зэхущытыкІэ дахэр зэрагъэнэхъапэр.

- Лъэпкъ цІыкІуэхэр хэкІуэдэжьыкІэ шынагъуэ зэрыщыІэр къагъэсэбэпурэ, дин экстремист зэщІэгъэстакІуэхэм ахэр ягъэщхьэрыуэну хущІокъу, къэралым зэрыпэщІагъэувэн Іэмалхэр къауГъэпхъэщ. Дэ ди къалэнщ апхуэдэ гъэпцІакІуэхэм тКІийуэ дапэщІэтыну, я мурад бзаджэхэр Іэмал гъэунэхуахэмкІэ щхьэзыпыдудыну, пэжыр нэгъэсауэ бэм ябгъэдэзытхъэну. ДызэгурыІуэн зэуІуу дызэделажьмэ, ар зэрыхъэфІэкІынум шэч къытесхьэркъым, - къыхигъэщащ Феофилакт.

Апхуэдэу я Іуэху епГъыкІэхэмкІэ къызэхуэсахэм ядэгугъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и мусЛъымэнхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуІу советым и тхьэмадэ, КИФЩІ-м и Жылагъуэ советым хэт **Бердиев Исмэхьил**, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Налшык къалэрэ я раввин **Шабаев Леви** сымэ.

Иужькіэ хьэщІэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ гупихыу загуэшри, я лэжьыгъэм пащащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтыр **Елъкъэн Артур** *трихащ*.

Ди къегъэлакІуэ ныбжьыщІэхэр Москва щрагъэблагъэ

Налшык къалэм дэт курыт еджапІэ №17-м хиубыдэу къызэрагъэпэща «Къегъэлакіуэ ныбжьыщІэ» классым щІэсхэр Урысейм и МЧС-м и Іэтащхьэ Пучков Владимир зэрыригъэблэгъам те-ту а министерствэм яухуиха къэухьлъатэмкІэ Москва кІуащ къегъэлакІуэхэм я Іэнатіэм и лэжьэкІэм щыгъуазэ защІын папщІэ.

НАЛШЫК икІа сабийхэр Урысейм и МЧС-м МафІэсхэм япэщІэтынымкІэ и академием и унэм щІэсынущ икІи министерствэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэр къызэхаІухьынущ, къэралым и къалащхьэм и щІыпІэ гъэщІэгъуэнэхэм елпІынущ. ЦІыкІуэхэр яшэнущ КъызэрымыкІуэ щытыкІэхэм япэщІэтыныжыкІэ лъэпкъ центрым. А Іэнатіэр Урысейм и МЧС-м и штаб нэхъыщхьэу къалъытэ икІи абы Іэщ Іагъэлу 900-м нэблагъэ щолажьэ. Центрым махуэ къэс зэхуэхьэс икІи йолэжь зэрыщыту къэралым щекІуэкІ къэхъукъащІэхэр, абыхэм космосым щекІуэкІхэри хиубыдэу.

Налшык икІа хьэщІэхэм ирагъэлъагъунущ мы академием къыщыізэІуаха кадет классхэр къызэрызэгъэпэща техникэр. Москва зэрыщыІэну махуиплІым къриубыдэу цІыкІуэхэм апхуэдэу зыщапльхьынущ Хэку зауэшхуэм и музей нэхъыщхьэм, Урысейпсо гъэлъэгъуанІэ комплексым, Космонавтикэм и музейм, нэгъуэщІхэми.

МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

Ислъэмей щыщ нэхъыжьыфІым къэралым и Унафэщ Іыр къехъуэхъуащ

Бахьсэн районым щыщ Хъурзокъуэ Іэнудин Агъурбий и къуэр илъэс 90 зэрырикъур гъатхэпэм и 21-м ягъэлъэпІащ.

ЮБИЛЕЙ лъапІэмкІэ къехъуэхъуу абы телеграммэхэр къыхуагъэхьащ УФ-м и Президент Путин Владимир, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий сымэ. А тхыгъэ гуапэхэр къыхуахьыжри, нэхъыжьым и деж еблэгъащ Бахьсэн районым и Іэтащхьэм и ятІэ къуэдзэ Къэнэмэт Рустамрэ Ислъэмей къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Ахъэ Аслъэнрэ.

ГъФІэгъуэм кърихьэлІа благъэхэм, Іыхьлыхэм, гъунэгъуэхэм къыхагъэщащ къэралым, республикэм я унафэщІхэм нэхъыжьым къыхуащІа апхуэдэ гулъытэм псори зэрыщыгуфІыкІыр.

Хьурзокъуэ Іэнудин Бахьсэн дэт «Автозапчасть» заводым илъэс 60-кІэ щылэжьащ икІи зэи зыми дагъуэ зыхуригъэщІакъым. Ветераныр ноби жыдэржщ, гулъытэ хэлъщ, уеблэмэ, Щоджэнцыкіу Алий и усэ куэд гукІэ ещІэ. Іэнудин бынищ иПІащ, къуэрылъхупхъурылъхуу блы, абыхэм къалъхужауэ сабиитху къызэщІэуващ.

ЧЫЛАР Аринэ.

НОБЭ

♦**Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэуэ Къарухэм я штурманхэм я къулыкъущІапІэм и махуэщ**

♦**1898 гъэм** урыс еджагъэшхуэ Попов Александр дунейм щыяпэу радио къигупсысащ.

♦КъШР-м и къэрал, политикэ лэжьакІуэ **Арэшыкъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шенкао Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Хъыдзэдж Борис** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Серов Александр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Шыдакъ Татьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УэрэджыІакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артисткэ **Нэхей Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 7 - 8 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Пшэм уефийкІэ къэувыІэн, вым уегийкІэ гурыІуэн?

Депутатхэр сабий Іуэхущ Іапі эщ Іэр зэраухуэм еплъащ

КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкІэ и комитетым хэтхэмрэ КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэхэмрэ зэщІыгъуу еплъащ Налшык къалэм дащІыхь Перинатальнэ центрым лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым. Ухуэныгъэр къызэхакІуэхьа нэужь депутатхэмрэ ухуакІуэхэмрэ хэту ирагъэкІуэкІа зэІущІэм комитетым и унафэщІ Гриневич Валерий щыжиІащ республикэм ис цІыхубзхэм ящыщу процент 40-м щІигъум я узыншагъэм хэхауэ кІэлъыплъын зэрыхуейр икІи ахэр диспансерхэм щатхауэ къызэрыщІэзэр. Абы и лъэныкъуэкІэ икъукІэ сэбэныпагъышхуэ иІэнущ Перинатальнэ центрым.

УХУЭНЫГЪЭМРЭ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор зэІущІэм щыжиІащ ухуэныгъэр тэмэму зэрекІуэкІыр, Урысейм иджыпсту щащІ перинатальнэ центр 30-м ящыщу ди деж нэхърэ нэхъ тКІийуэ графикым тету лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ зэрыщымыІэр. Абы къигъэлъэгъуащ мы Іуэхущ Іапі эр ухуэным федеральнэ бюджетым къыхэкІыу къыхуаутІыпщыну ахъшэ псоми я процент 60-м нэблагъэр нобэм ирихьэлІэу къызэрагъэсэбэпар. «Юникс» компаниеу мы ухуэныгъэмкІэ генеральнэ подрядчикымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэращІылІа контрактыр сом мелуан 1.943-рэ и уасэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэ Перинатальнэ центрым и проектыр тращІыхьащ иджырей технологиехэр къэгъэсэбэныным икІи абы и фІыщІкІэ мы Іуэхущ Іапі эм зэфІэкІышхуэ иІэнущ. Абы щагъэувынущ ди къэралми нэгъуэщ Іу къэралхэми щащІ Іэмэпсымэ нэхъыфІ дыдэхэр. Метр зэбгъуэзнатІэ мин 32-рэ къызэрыкІ ухуэныгъэм гъуэлъыпІэу 130-рэ щІэтынущ.

«Юникс» компанием и лІыкІуэр тепсэлъыхьащ проект лжьыгъэхэр зэман кІэщІ дыдэм зэрызэфІагъэкІам: инженер къажугъныгъэхэр егъэкІуэкІынми, проект документацэр зэхэлъхэнми, абы и къэрал экспертизэр егъэкІуэкІынми, зэрылэжьэну документхэр гъэхьэзырынми трагъэкІуэдар мазиплІщ. Инженер коммуникацэхэр дызэрыт мазэм хьэзыр ящІащ. Иджыпсту пщІантІэр зыхуей хуагъаэз, пэшхэр зэрахьэ. Медицинэ Іэмэпсымэхэм ящыщ Іыхьэр къаІэрыхьакІэщ икІи ахэр мэлыжьыхь мазэм ягъэуву щІадзэнущ.

КъБР-м и Парламентым и депутат Сумаев Ахъмэт щІэупщІащ Іуэхущ Іапі эр электрокъарукІэ къызэрызэрагъэпэщыну щІыкІэм. Подрядчикэм зэрыжиІамкІэ, электрокъарур щызэблэуи деж къагъэсэбэпын папщІэ дизель-генератор ягъэувыну я мурадщи, ари къащхьэуауэ щытщ. Абы къыдэкІуэу котельнэр газым и мызакъуэу дизель гъэсныпхъэкІи лэжьэфын хуэдэу ящІащи, апхуэдэ гъэсныпхъэр зрагъэхъэну цистерни щыІэщ.

Іуэхущ Іапі эр дызэрыт илъэсым и кІэухым лажьэу хуэжьэнущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м зэхэтынущ Зэ Іущ Іэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эрэ.

«Хъан-Джэрий» романыр - хьэрыпыбзэкІэ

● Тхылъыщ Іэ

УФ-м и Тхакіуэхэм я союзым и унафэщІым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ Іэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу мы гъэм. Тхылъ 150-м щІигъу зи Іэдакъэ къыщІэкІа тхакіуэм 2016 гъэм и пэщІэдзэм иджыри зэ хьэкъ тщищІащ зэрыгуащІафІэр. Абы и тхыгъэхэр щызэхуэсэ тхылъхэр том 20-у зэхэту урысыбзэкІэ къыдэкІащ, адыгэбзэкІэ том 17-у къыдэкІыным хуигъэхьэзыращ. Апхуэдэу мы махуэхэм хьэрыпыбзэкІэ зэдзэкІауэ дунейм къытехьащ «Хъан-Джэрий» романыр.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ Кавказ зауэм триухуа романихым язщ «Хъан-Джэрийр», ар 1998 гъэм къыдэкІауэ щытащ. Романыр теухуащ адыгэ тхыдэдж, узэщІакІуэ, пащтых Николай Езанэм и флигель-адъютантэ, Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм и унафэщІу щыта, ґащІэ гугъу, Іуэхугъуэ куэдкІэ гъэнщІа къэзыгъэщІа Хъан-Джэрий СультІан.

Роман гъэщІэгъуэныр хьэрыпыбзэкІэ зэридзэкІащ Сириием щекІуэкІ зауэм зи щхьэр къыхэзыхыжу хэкужьым къэзыгъэзэжа Тхьэхъуахъуэ Уэлид. Сирие Хьэрып Республикэмрэ УФ-мрэ я Тхакіуэхэм я союзым хэт Къумыкъу Мамдухь зэрыжиІамкІэ, Уэлид и лэжьыгъэр фІыуэ къехъуІащ, романыр зыхуей хуэзэу хьэрыпыбзэм хуигъэкІуащ.

Уэлид 1940 гъэм Джолан лъагапІэхэм къыщалъхуащ, Дамаск дэт университетым хьэрыпыбзэмкІэ и факультетыр кІыхуащ. Абы тхылъ зыбжанэ франджызыбзэкІэ зэридзэкІащ, къыщынэмыщІауэ, «Хьэрып грамматикэ» тхылъыр Щам къыщыдигъэкІри, ар франджызыбзэрэ нэмыцэбзэкІи зэрадзэкІыжащ.

Сириием и Тхакіуэхэм я союзым хэт ди лъэпкъэгъу щІалэм и Іэдакъэ къыщІэкІащ «ЩІыІ» романыр, а тхыгъэращ ар зэгухьэныгъэм щІыхь-гъэхьари. Тхылъыр теухуащ 1973 гъэм Израилымрэ хьэрыпхэмрэ иужьрейуэ зэращІылІа зауэм.

Тхьэкъуахъуэ Уэлид иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхь Ерокъуэ къуажэм дэсщ, къуитІрэ зыпхъурэ иІэщ, ахэр хамэ къэралхэм щопсэу, щолажьэ. Уэлид и мурадщ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ иужьу къыдигъэкІа «Ирахуахэр» (2014 гъ.), «Хэхэсхэр» (2015 гъ.) романхэри хьэрыпыбзэкІэ зэридзэкІыну.



НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэнымрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым и деж лъэпкъ проект пэрытхэм ведомствохэм зэдайуэ къыщыгъэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №22-УГ-мкIэ къыщтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэнымрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым и деж лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствохэм зэдайуэ къыщыгъэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэнымрэ демографие политикэмкIэ щыIэ советым и деж лъэпкъ проект пэрытхэмкIэ ведомствохэм зэдайуэ къыщыгъэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым хэтхэр къэщтэным теухуауэ» 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Указ №22-УГ-мкIэ къыщтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) «Урысейм и цIыхухэм - тыншыпIэ псори зиIэ псэупIэ езэгъыбарбгъуэхэр» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и унафэщIщ)*

Алэкъей А. М. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эзгурыIуауэ)*

Текiушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(эзгурыIуауэ)*;

Тутыкъу М. Х. и къулыкъым зэрэджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъуа: «Урысейм и Хьумалпi банк» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Iэхъуэщ1аIпIэ №8631-м и унафэщым и къуэдзэр *(эзгурыIуауэ)»*;

Швачий Т. Ю. и къулыкъым зэрэджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъуа: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствомкIэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и секретарщ)»*;

ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын: Альтуд Ю. Къ., Ахъуэхъу Къ. М., Къуэдзокъуэ М. М. сымэ;

б) «Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъуа: «Кулаковэ И. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствомкIэ и министерствэм финансхэмкIэ, экономикэмкIэ, агропромышленнэ комплексым къарал дэIэпыкъуныгъэ етыныжкIэ и управленэм и унафэщIыр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и секретари)*

Ячный И. В. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эзгурыIуауэ)*;

Говоров С. А. и къулыкъым зэрэджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъуа: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствомкIэ и министрыр *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и унафэщIщ)»*;

ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Дадэ М. А., Сидорук Т. М. сымэ;

в) «Узыншагъэ» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Лобач А. В. - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщым и къуэдзэр *(эзгурыIуауэ)*

Мишковэ И. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIкIэпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)*

Тогузаевэ З. Хь. - «Къалэ клиникэ сымаджэщ №02» къэрал бюджет Iэхъуэщ1аIпIэм и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(эзгурыIуауэ)*;

Бгъэжьнокъуэ З. М. и къулыкъым зэрэджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъуа: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хэмыгъэкIа и министерствэм и «Республикэ клиникэ сымаджэщ» къэрал бюджет Iэхъуэщ1аIпIэм и дохутыр нэхъыщхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатыр (эзгурыIуауэ)»;

Мэкъуауэ Э. Хь. и къулыкъым зэрэджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъуа: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и дэIэпыкъуэгъуэ *(ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым и секретарыр)»*;

ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Ацкъан Р. Р., Боттаев Хь. Б., Романовэ Е. В. сымэ;

г) «ЕГъэджэныгъэ» лъэпкъ проект пэрытымкIэ ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым:

ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Ацкъан Р. Р., Боттаев Хь. Б., Романовэ Е. В. сымэ;

Альтуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и ректорыр *(эзгурыIуауэ)*

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(эзгурыIуауэ)*

Емуэ А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал къулыкъымрэ кадрхэмрэ я IэхъуэмкIэ и управленэм и унафэщIыр;

Байчекуевэ Н. Хь. и къулыкъым зэрэджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъуа: «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и педагогическэ колледжым и унафэщIыр *(эзгурыIуауэ)»*;

ведомствохэм зэдай лэжьакIуэ гупым къыхэгъэкIыжын Бабаевэ А. Ш., Къарэмырзэ Б. С., Пэнагуэ М. А. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм гъатхэпэм и 1-м
№22-УГ

КъБР-м и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату зэпымыууэ Парламентым щылажьэхэр цIыхухэм щахуэзэ зэманыр

Махуэр	Япэ тхьэмахуэм	ЕтIуанэ тхьэмахуэм	Ещанэ тхьэмахуэм	ЕплIанэ тхьэмахуэм
Блыщ-хьэм	Мэлбахъуэ Б. Хь. 14.00-17.00	Мэлбахъуэ Б. Хь. 14.00-17.00	Мэлбахъуэ Б. Хь. 14.00-17.00	Мэлбахъуэ Б. Хь. 14.00-17.00
Гъуб-жым	Къажэр Хъу. Хь. 10.00-13.00	Бозий Н. М. 10.00-12.00	Къажэр Хъу. Хь. 10.00-13.00	Бозий Н. М. 10.00-13.00
		Жанатаев С. А. 10.00-13.00		Жанатаев С. А. 15.00-18.00
		Iэзычэ С. Хь. 10.00-12.00		Iэзычэ С. Хь. 10.00-12.00
		Гриневич В. В. 14.00-18.00		Гриневич В. В. 14.00-18.00
	Кривко М. Н. 9.00-13.00	Кривко М. Н. 9.00-13.00	Кривко М. Н. 9.00-13.00	Кривко М. Н. 9.00-13.00
	Шондыр О. Л. 10.00-13.00	Шондыр О. Л. 10.00-13.00	Шондыр О. Л. 10.00-13.00	Шондыр О. Л. 10.00-13.00
		Iэпщэ З. Б. 15.00-17.00		Iэпщэ З. Б. 15.00-17.00
	Гугу В. Р. 15.00-17.00			
Бэрэ-жьейм	Пащты Б. С. 9.00-13.00	Пащты Б. С. 14.00-18.00	Пащты Б. С. 9.00-13.00	Пащты Б. С. 14.00-18.00
	Афэщ1агъуэ М. Хь. 15.00-17.00	Афэщ1агъуэ М. Хь. 15.00-17.00	Афэщ1агъуэ М. Хь. 15.00-17.00	Афэщ1агъуэ М. Хь. 15.00-17.00
		Къардэн М. Н. 10.00-12.00		Къардэн М. Н. 10.00-12.00
				Мокаев К. А. 15.00-17.00
				Щхьэгъэпсо С. Хь. 15.00-17.00
Мэре-мым	муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ (графикым тету)			

КъБР-м и Парламентым зэпымыууэ щылажьэ депутатхэр тхьэмахуэ къэс мэрем махуэм цIыхухэм зэрахуэзэр

№№	ЦIыхухэм яхуэзэнухэр	Зэманыр	ЦIыхухэм щаIущIэну щIыпIэр
1	КъБР-м и Парламентым и депутат Егоровэ Т. Б.	Ещанэ мэрем, 10.00-13.00	КъБР-м и Парламентым
2	КъБР-м и Парламентым и депутат Бозий Н. М.	10.00-12.00	Аруан муниципальнэ районым
3	КъБР-м и Парламентым и депутат Жанатаев С. А.	Япэ мэрем 10.00-15.00	Налшык къалэм и администрацэм
4	КъБР-м и Парламентым и депутат Iэзычэ С. Хь.	10.00-16.00	«Захуагъэ зэдэщIыIэ Урысей» политикэ партым и къудамэу КъБР-м щыIэм, Лермонтовым и уэрам, 22
5	КъБР-м и Парламентым и депутат Iэпщэ З. Б.	9.00-12.00	Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм, Кулиевым и уэрам, 12
6	КъБР-м и Парламентым и депутат Афэщ1агъуэ М. Хь.	10.00-12.00	КъБР-м и Парламентым
7	КъБР-м и Парламентым и депутат Гриневич В. В.	10.00-13.00	Прохладнэ къалэм щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжкIэ и советым
8	КъБР-м и Парламентым и депутат Гугу В. Р.	Япэ, ещанэ, еплIанэ мэремхэм 11.00-13.00 ЕтIуанэ мэрем 16.00-18.00	КъБР-м и Парламентым Налшык къалэ, Ингуш уэрам, 9 а, МДОУ №60
9	КъБР-м и Парламентым и депутат Къажэр Хъу. Хь.	10.00-12.30	КъБР-м и Парламентым
10	КъБР-м и Парламентым и депутат Кансаевэ Е. И.	10.00-13.00	КъБР-м и Парламентым
11	КъБР-м и Парламентым и депутат Къардэн М. Н.	Япэ, етIуанэ, еплIанэ мэремхэм Ещанэ мэрем 11.00-13.00	Налшык къалэм Шэрэдж муниципальнэ районым
12	КъБР-м и Парламентым и депутат Кривко М. Н.	9.00-12.00	Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм
13	КъБР-м и Парламентым и депутат Мэлбахъуэ Б. Хь.	Япэ, етIуанэ, ещанэ мэремхэм ЕплIанэ мэрем 9.00-17.00	КъБР-м и Парламентым Бахъсэн муниципальнэ районым
14	КъБР-м и Парламентым и депутат Мовсисян Г. О.	10.00-16.00	КъБР-м и Парламентым
15	КъБР-м и Парламентым и депутат Мокаев К. А.	Япэ, ещанэ мэремхэм EтIуанэ, еплIанэ мэремхэм 10.00-15.00	Налшык къалэм Шэрэдж муниципальнэ районым
16	КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Б. С.	10.00-17.00	Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 57, КПРФ-м и лэжьапIэ пэшым
17	КъБР-м и Парламентым и депутат Шондыр О. Л.	Япэ, етIуанэ ещанэ мэремхэм ЕплIанэ мэрем 9.00-17.00	КъБР-м и Парламентым Аруан муниципальнэ районым
18	КъБР-м и Парламентым и депутат Щхьэгъэпсо С. Хь.	EтIуанэ, еплIанэ мэремхэм Япэ, ещанэ мэремхэм 10.00-15.00	Налшык къалэм Шэрэдж муниципальнэ районым

Депутатхэр республикэм щыщ цIыхухэм зэрахуэзэм пыщIа Iэхъуэхэм нэхъ зыубгъуауэ щагъуазэ зыщыкфыщI хъунущ КъБР-м и Парламентым и **www.parlament-kbr.ru** сайтым.

● Жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм

Властхэм гу лърагъатэ

Урысей цIыхубэ фронтым и «Социальнэ зэхуагъэ» лэжьакIуэ гупым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм хэтхэм Налшык и сабий джэгупIэхэр зыхуэдэмрэ абыхэм я щытыкIэмрэ къапщытати, щыщIэныгъэ куэд къахутащ. ПщIантIэхэм щагъэувауэ щыта спорт комплексхэм ящыщ куэд къхъахэ хьуащ. ДжэгупIэ тэмэм здэщыIэр псэуалъэщIэхэм я Iэшэлъашэрщ. Нэхъ пасэу ауэхэр шынагъуэншагъэм и пщалъэхэм жыжьэуи къитIасэркъым.

КъАПЩТЭМЭ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым и пщIантIэхэм дэт хъыринхэр зэрыщыту ульиящ, лэч кIэрыпльыжкъым. Абы щыгъуэми, сабийхэр щытеуи нэгъуэщI гуэрхэр а щIыпIэхэм щыIэкъым. Ватутиным и уэрамым щытыкIэр щынэхъыфIкъым. Турникыр ещIащ, зэрыкъэзрагъубуда пхъэхэм шынагъуэ пылъщ, езы джэгупIэр автомобиль зекIуапIэ хъуащ.

Налшык и адрей хъэблэхэми а щыщIэныгъэхэр щымащIэкъым. Къэрэщém, Пушкиным, Байсултановым, ЩоджэнцIыкIум я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм щыIэ зэрещIэ, къекIорэхъуэкI хъыринхэр къоуэ, тетIысхьэпIэхэр ярыткъым. ОНФ-м и лIыкIуэхэм къызэрагъэпъагъуэмкIэ, ухуэныгъэхэм я щытыкIэр ГОСТ-м и пщалъэхэмрэ къигъэувэкIмрэ зыкIи кIитIасэркъым. КъищынэмыщIауэ, ящыныкъуэ спорт джэгупIэхэр автомобиль щытыпIэу къагъэсэбэп.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствомрэ зэIуэзэпэщынытгъэмкIэ и управленэм ОНФ-м щыщхэм къызэрыщыжраIамкIэ, псэупIэр зейхэм я тхьылъэм ябгъэ иткIэ, къызыхуэтыншэу зэгъэпэщжьыпхъэ пщIантIэхэм я спискэр унафэщI (управляющэ) компаниехэм ягъэхьэзыру, я Iэхъущ1аIпIэм иратын хуейщ. Абыхэм текIуэдэнур проектым и паспорт хэхакIэ управленэм игъэбелджылIуэ, мылъку зыхуэхах программэм хагъэхьэн щхьакIэ, муниципальнэ властхэм я деж щызэхуигъэкIуэн хуейщ

- ПщIантIэхэм я сайт джэгупIэхэр зэIуэзэпэщ зэрыщIипхъэр муниципальнэ властхэм ягу къыдогъэкIыж. Фэтэр куэд хъу унэхэм щIэсхэр ди щIэгъэкъуэну, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ мыкоммерцэ проектым хьихьэу, ар зэрытхузэфIэкIынум шэч къытетхъэркъым. Псалъэм папщIэ, «ЗыгъэпсэхупIэ, спорт зыгъэсапIэ щIыпIэхэр, сабий джэгупIэхэр къызэгъэпэщын» жыхуиIэ Iуэхур къыхалъхьэмэ, ар хэкIыпIэфI хъунущ. Сабий спорт джэгупIэхэм, пщIантIэ спортым зрагъужьын мурадкIэ, зэгъэпэщыжьыпхъэу Налшык щыIэ апхуэдэ ухуэныгъэхэм я картэмрэ Iуэхур зэхьэлIа IэнатIэхэм яхуэгъэза чэнджэщхэмрэ дызэрыт гъатхэпэ мазэм къриубыдэу ди лэжьакIуэ гупым хэтхэм ягъэхьэзырынущ, - къыхигъэщащ щIыналъэ къудамэм и унафэщI Амщыкъуэ ФатIимэт.

БЭКЪЕЙ Евгений,
ОНФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-лэхъущIапIэм и лэжьакIуэ.

● ЗэIущIэхэр



Тхылъ щхьэпэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щеIуэкIащ мылъку къэлэжьыным емыпхауэ республикэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я социальнэ проект нэхъыфIхэр зэрыхуа тхылъым теухуа зэIущIэ. Тхылъыр къыдигъэкIыным елэжьащ «Возрождение» жылагъуэ зэгухьэныгъэр. Абы и унафэщIщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымкIэ, щIэблэр хэкупсэу гъэсэныкIэ и комиссэр зи нэIэ щIэт Гуппоев Тимур. Нэгъабэ «Возрождение» зэгухьэныгъэм НКО-хэм я зэпеуэм субсидиеу къыщыхьащ сом мин 275,85-рэ. Ахъшэр республикэ мылъкум къыхэкIащ. АбыкIэ къыдагъэкIащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я проект нэхъыфIхэр зэрыхуа тхылъыр.

Жылагъуэ палатэм и унафэщI Берд Хьэзрэталий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ федеральнэ, щIыналъэ грантхэр къэзыхьа зэгухьэныгъэхэм хэтхэр зэрыщIэныкIэ, зэдэлэжьэныкIэ мы тхылъыр сэбэп зэрыхъунур.

КъБР-м Гъаблэр жылагъуэ Iэхъуэщ1аIпIэхэм ядалэжьэныкIэ лъэпкъ IэхъуэхэмкIэ и управленэм и унафэщI КIуарашын Анзор тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къэралыр зэрадзэIэпыкъу Iэмалхэм. 2012 гъэм щегъэжьауэ НКО-хэм ирагъэ федеральнэ, республикэ субсидиеу сом 81673,16-рэ. Абы щыщу 2012 гъэм - сом 13 529,0-рэ, 2013 гъэм - 21008,28-рэ, 2014 гъэм - сом 27194,0-рэ, 2015-м - 19941,88-рэ. КIуарашыным жиIащ мылъку къэлэжьыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хуащI гулъытэр иужьрей илъэсхэм ящхьыбэ зэрыхъуар, езыхэми я гуащIэм зэрыхэтыр. Зэгухьэныгъэхэр хъарзынэу мэлажьэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ гупсысэ яхуэщIыным, лъэпкъ зэхуэмыдэм къыхэкIахэмрэ зи дин зэтемыхуэхэмрэ зэгурыгъэIуэным, афиныным пэщIэтыным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ.

Омск къалэм социальнэ инновацэхэмкIэ щыIэ центрым и менеджер Середа Владислав жиIащ ныкъуэдыкъуэхэм сэбэп яхуэхъу зэгухьэныгъэхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэпсауэ центри 10 къызэрызэрагъэпэщынур. А проектым хэтщ Налшык щыIэ «Возрождение» зэгухьэныгъэри. Середа Владислав я Iэхъущ1аIпIэм ксыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр яритащ КIуарашын Анзор, Гуппоев Тимур, Нэфхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шэрджэс Ларисэ, Ныкъуэдыкъуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI ВэрылI Владимир сымэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм граждан зэгухьэныгъэхэм зегъэужьыным, лъэпкъ, дин зэхущытыкIэхэмкIэ и комиссэм и унафэщI Сэхъурокъуэ Хьэутий Iуэхум кърихьэлIахэр къыхуриджащ къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку зэгурыIуэ дэлъ пащIэ щхьэж и гуащIэ къиха илэжьыну. Абы теухуауэ куэд яхуэзэфIэкIынущ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

ГЪУЭТ Синэ.

● Гъатхэпэм и 24-р Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

И бий нэхъыщхьэр къабзагъэрщ



Жьэн узыр хьэлъэу узыгъэсымаджэщ, зэрыцIалэщ. Ар къызыпкърыкI микробхэр гъэкIуэдыгъуеийц, абы къыхэкIыу сымаджэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ къабзагъэм, ар сыт и лъэныкъуэкIи зыкIэлъыплъыжьын хуейщ. Псом хуэмыдэу сакъын хуейщ лы, шэ, шатэ, джэдыкIэ хуэдэхэр къыщыпщэхукIэ. А ерыскъыхэм жьэн узыр къэзыгъэхъей микробхэр нэхъ яхуэлъэщ, абы къыхэкIыу ахэр щащэ щIыпIэхэм къабзагъэм и хабзэхэр къыщызэпаудмэ, цIыхум и узыншагъэм дежкIэ къашэ шынагъуэр къыпхуэмыльытэнщ.

СЫМАДЖЖЭР щыпсчэкIэ, къыщепскIэ, щыпсалъэкIэ, и Iупсыр тэмакъым къыщытригъэкIкIэ къыжьэдэкI микробхэр метритIкIэ «зэбгрольэт», ихъуреягъкIэ щыIэ хьэпшыпхэри хьэуари яуцIэпIу. ГъэщIагъуэныращи, а узыр къызэрыпкърыхьар цIыхум къимыщIэу зэман куэд дэкIынкIи хьунущ. ЖэщкIэрэ къэпщантIэу, къыхэпсчыкIыу зэрыщытыр къафIэмыIуэхуу мазэ зыбжанэкIэ йокIуэкI. А зэманым къриубыдэу Iэпкъльэпкъыр йоныкъуэкъу бактерием икIи хуэм-хуэмурэ тхьэмбылым «тIысыпIэ» щищIыным хущIокъу. Абдежым тхьэмбылым игъуэта сэкъатыр зыхуэдэр фIы дыдэу къыпхуэщIэнущ флюорограф IэмэпсымэмкIэ.

Узыфэ зэрыцIалэм зыщыпхъуэмэфынущ БЦЖ мастэмкIэ, апхуэдэу и чэзум ар къэрхутэу дохутырыр тэмэму зэбгъэIэзэжкIэрэ. Жьэн узыфэр зыпкърытхэм еIэзэ дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, ар зэуэлIа сабийхэр балигъхэм нэхъ рэ куэдкIэ нэхъ тыншу пхуогъэхъуж, ауэ абы папщIэ хэмытIэсауэ щытын хуейц. Апхуэдэм деж сабийм унэми ущеIэзэфынущ, мазищкIэ ар егъэфэн хуейщ жьэн узым зэрыпэщIэт хущхъуэм витаминхэр и гъусэу. Узыр хэтIэсамэ, нэхъри зиубгъункIэ шынагъуэ щыIэщи, ныбжьыщIэр сымаджэщым щIагъэгъуалъхьэ. Иджы абы ирахьэлIэ хущхъуэзэри нэхъыбэнущ, илъэсым кэпщIагъэкIи дохутырхэр къыкIэлъыплъынущ.

КъБР-м Зыбшагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-лэхъущIапIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, республикэм жьэн узыфэм илыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щыхъуащ. 2015 гъэм апхуэдэ сымаджэхэм я бжыгъэр щIыкIуэ мини 100-м хуэзэу ику иту 9,7-рэ хъурт. Ар 2014 гъэм ебгъапщэмэ, процент 17,8-кIэ нэхъ тыншу пхуогъэхъуж, ауэ абы папщIэ хэмытIэсауэ щытын хуейц. Апхуэдэм деж сабийм унэми ущеIэзэфынущ, мазищкIэ ар егъэфэн хуейщ жьэн узым зэрыпэщIэт хущхъуэм витаминхэр и гъусэу. Узыр хэтIэсамэ, нэхъри зиубгъункIэ шынагъуэ щыIэщи, ныбжьыщIэр сымаджэщым щIагъэгъуалъхьэ. Иджы абы ирахьэлIэ хущхъуэзэри нэхъыбэнущ, илъэсым кэпщIагъэкIи дохутырхэр къыкIэлъыплъынущ.

КъБР-м Зыбшагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-лэхъущIапIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, республикэм жьэн узыфэм илыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щыхъуащ. 2015 гъэм апхуэдэ сымаджэхэм я бжыгъэр щIыкIуэ мини 100-м хуэзэу ику иту 9,7-рэ хъурт. Ар 2014 гъэм ебгъапщэмэ, процент 17,8-кIэ нэхъ тыншу пхуогъэхъуж, ауэ абы папщIэ хэмытIэсауэ щытын хуейц. Апхуэдэм деж сабийм унэми ущеIэзэфынущ, мазищкIэ ар егъэфэн хуейщ жьэн узым зэрыпэщIэт хущхъуэм витаминхэр и гъусэу. Узыр хэтIэсамэ, нэхъри зиубгъункIэ шынагъуэ щыIэщи, ныбжьыщIэр сымаджэщым щIагъэгъуалъхьэ. Иджы абы ирахьэлIэ хущхъуэзэри нэхъыбэнущ, илъэсым кэпщIагъэкIи дохутырхэр къыкIэлъыплъынущ.

Зыбшагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-лэхъущIапIэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, республикэм жьэн узыфэм илыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щыхъуащ. 2015 гъэм апхуэдэ сымаджэхэм я бжыгъэр щIыкIуэ мини 100-м хуэзэу ику иту 9,7-рэ хъурт. Ар 2014 гъэм ебгъапщэмэ, процент 17,8-кIэ нэхъ тыншу пхуогъэхъуж, ауэ абы папщIэ хэмытIэсауэ щытын хуейц. Апхуэдэм деж сабийм унэми ущеIэзэфынущ, мазищкIэ ар егъэфэн хуейщ жьэн узым зэрыпэщIэт хущхъуэм витаминхэр и гъусэу. Узыр хэтIэсамэ, нэхъри зиубгъункIэ шынагъуэ щыIэщи, ныбжьыщIэр сымаджэщым щIагъэгъуалъхьэ. Иджы абы ирахьэлIэ хущхъуэзэри нэхъыбэнущ, илъэсым кэпщIагъэкIи дохутырхэр къыкIэлъыплъынущ.

Ар къыщыдалъхьэ ныбжьыщIэхэм я бжыгъэм ирагъэкIуэдыжа, ауэ ар ящыщ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Рузвельт и лъэужьыр

Ар зыгуэркІэ сэбэп къыхуэхъуну пІэрэ Урысейм?

Ди къэралым къыщалъыхъуэ зыщІэзыубыда кризисым къызэрикІыну нэхъ Іэмалыфіхэр. Китайм, Сингапурым, Корее Ипщэм, уеблэмэ Чилим я щапхъэхэм хоплъэ. Ауэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэр ягу къагъэкІыркъым. Ар щыуагъэщ.

«Ящыгъупщэжа цІыху» Рузвельт Франклин пхишауэ щыта гъэзэгущІэр хуабжьу къахуэщхьэпэнут.

Рузвельт и экономикэ политикэм теухуауэ нэхъыбэрэ зи гугъу ящІыр жылагъуэ лэжьыгъэхэрщ, автомобиль гъэзагухэр щІынырщ е Теннесси псым и Іуфэхэм жыггэр щыхэсэнырщ. Ауэ ахэращ хэзылъхьахэм я мылькум ирисондэджэрыным кІэ езыта Гласс-Стиголл и законыр яг къыщагъэкІыжыр зэзэмызэщ. Ипотекэр иджыри къэс зезыгъакІуэ Лъэпкъ псэуплІэ актым хуэгъэзауэ зыри жаІэркъым. Дыщэ гъэтІылъыгъэхэм ятеухуа закону дыщэ пщалъэм къытекІыныр, дыщэ гъэжакэр хуиту ящэу мыдэныр Рузвельт зэрыпхигъэкІари ящыгъупщэжащ.

Ауэ гъэзэгущІэм и мурад нэхъыщхьэр зыхуэунэтІар американ къыззрыгуэкІхэм лэжьапІэхэр къахуэлъыхъуэныртэкъым, банкир нэпсейхэр къыжьэдэкъуэныртэкъым, атІэ псом япэу налог зэрырагъэт щыкІэм зэхъуэкІыныгъэкэр халъхьу мыпкъор зэрагъэш хабзэр захуагъэм хуэгъэкІуэныр.

Захуагъэр абыхэм къаззрыгуэрыІуэр

1920 гъэхэм налогхэм ягъэпІейтейртэкъым американ къулейкэр: нэхъыбэ дыдэр зэрыхъур процент 24-рэт. Рузвельт мылъкушхуэ зиІэхэм тралъхь налогхэр кІыІэту хуэжьащ. Нобель и саугъэтым и лауреат Кругман Пол щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, Рузвельт и ягъэ президентыгъуэм ар процент 63-м, и етІуанэ тетыгъуэм процент 79-м нигъэсащ икІи апхуэдэу щытащ Рейган Рональд теувэну.

Корпорацэхэм ят налогхэми заІэтырт. Мис а псоми къыхэкІыу Рузвельт «унафэщІ классым и епцІыжакІуэ» фІащауэ щы-тащ.

ЩІэиным тралъхь налогхэм зэхъуэкІыныгъэхэр ягъуэтащ. БлэкІа лІэщІыгъуэм и процент 20-м ІэмыкІыу щытар апэщІыкІэ процент 25-м, иужькІэ процент 45-м, икІэм-икІэжьым процент 77-м нэсащ.

Абы къыхэкІыу къэрал мылъкур нэхъ зэкІэщІэкІа хъуащ. 1929 гъэм американ нэхъ къуленкъэм (цІыхухэм я процент 0,1-м) лъэпкъ мылъкум и процент 20-м щІигъур ябгъэдэлъамэ, 50 гъэхэм я зэхуэдитІым иужьрей бжыгъэр зэрыхъужьр процентн 10 къудейт.

Иджы ягъэІуну яфІэфІ щытыкІэ хьэпъэм къикІынымкІэ Америкэм сэбэп къыхуэхъуар зауэр ара хуэдэу. Апхуэдэу щытамэ, ЕтІуанэ дунейпсо зауэр иуха иужь США-р щІэрыщІэу кризисым хэхуэжьнт? АрщхьэкІэ къэралыр зэщІэгъаГъэу иджыри илъэс щэщІкІэ екІуэжьащ.

Ди деж-щэ?

Мы зэманым Урысейм псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ щыщыІэ зэщхьэщыкІыныгъэр куэдкІэ ещхьщ блэкІа лІэщІыгъуэм и 20 гъэхэм США-р зыхэта бэлыхьым. Аращи, кризисым къикІыным теухуа политикэм лъабжьэ хуэхъун хуэйр захуагъэр зэфІэгъуэвэжьнырщ.

Псом япэрауэ, налогхэр зэрытралъхьэ хабзэщІэхэр ягъэувын хуейщ. Ахэр мыпхуэдизу щыт ъунущ:

- цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм хуэдиз фІэкІа зыІэрымыхьэхэм (сом мини 10) налог къыламыхьн;

- сом мин 30 зыІэрыхьэхэм сом мини 10-р яхуэхъгъэкІауэ налогыу сом мини 2 нэхъри нэхъыбэ трамылъхьэн;

- зи хэхъуэхэр сом мини 100-м нэсым и ахъшэм щыщ сом мин 30-м и гугъу ямыщІу адрей къэнэжам налогыу процент 15 хуагъэувын.

Апхуэдэурэ егъэкІуэкІын сом мелуаным нэсыху. Мыбдежьм налогыр процент 35-рэ щыхъун хуейщ.

ЕтІуанэрауэ, дэ зэфІэдгъэувэжьн хуейщ щІэин къаззрылъысамрэ тыгъэ къызэрыхуащІамрэ тралъхьэ налогыр (процент 35-рэ). Мы Іуэхум льготэхэр хэлъын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, къулыкъур ирахьэкІыу хэкІуэдахэм къащІэна мылъкум налог щыгъралъхьэн щыІэкъым.

ЩытыкІэ гугъум дыщит зэманым нэхъыщхьэр цІыхухэр зыхуейхэр зыщамыгъэгъупщэнырщ.

КРИЧЕВСКИЙ Никитэ,
экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор.
«Аргументы и факты»

Ди лъэпкъ валютэм къыпэплъэр сыт? А упщІэм, нэгъуэщІхэм жэуап ирет Политикэ конъюнктурэмкІэ центрым и ІэщІагъэлІ Абзалов Дмитрий.

- Щхьэ апхуэдизу къехуэха щыдагъэм и уасэр?

- Абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэщ. Япэрауэ, фигу къэзгъэкІыжьщ США-мрэ ЕС-мрэ я санкцэхэр Ираным зэрытрахыжар. Тегераным къищынэмыщІауэ, Сауд Хьэрыпри хуабжьу хоІэбэ уасэхэм. ЕтІуанэрауэ, рынокым хэкІащ нэхъ щыдагъэ лъапІэ зыщІэхэр. Оманым, Бахрейным, Венесуэлэм, Колумбием щыдагъэ ящэ езыхэм хэщІыныгъэ яІэу. «Дыщэ фІыщІэу» къыщІашыр зэрагъэмащІэм къыхэкІыу США-м и закъуэ зы жэщ-махуэм баррель мелуан фІэкІуэдынущ.

Ауэ щІыдагъэр зыхэфІэхъуэж хъу гъэсыныпхъэкъым. Углеводородхэр фІэкІыпІэ имыІэу къаймэщІэкІынущ. ЩІызгъужьнци, Персие псыдзжьпІэм и къэралхэм жаІакІэщ щІыдагъэу къыщІашыр ягъэмэщІэным зэрегупсысыр.

- Сомым къыщІэкІыр нэхъ мащІэ мэхъу. Ар къызэтрагъэувыІэфыну?

- Гъэсныпхъэхэм я уасэр ехыхукІэ, абыхэм къащІэкІ сомхэри нэхъ пуд мэхъу. Зым адрейр елъытащ. Мазэ гъунэгъухэм апхуэдэ зэхущытыкІэрщ ди лъэпкъ валютэр зезыгъэкІуэнур.

Сомым и уасэм ижь къащІеху къэрал щыІб Іуэхуэмэ - Сирием, Ираным, Алыджым щызэфІэува щытыкІэхэм. ЕС-р нэхъ лъэрымыхь хъумэ, ди хьэпшыпхэм яІэ щІэупщІэр ехуэхыхнущ (Урысейм нэгъуэщІ къэралхэм ярищэм и процент 40-м щІигъур Европэм хуоз). Дауи, ар зэран къыхуэхъунущ ди лъэпкъ валютэм.

- Ди лъэпкъ валютэр ягъэщІэтыфыну апхуэдэ къебэ-небэхэм? Сыт хуэдэ Іэнатіэхэра дэтІыгъын хуейр?

- ЗэрыгурыІуэгъуэщи, апхуэдэ щытыкІэр дэтхэнэ къэралми и экономикэм зэран хуэхъуфынущ. АрщхьэкІэ иджырейр зыкъомкІэ къащхьэщокІ 1998, 2008 гъэхэм щыІахэм. Банк кризис щыІэкъым, къэрал щІыбэ щІыхуэр нэхъ мащІэ мэхъу. Абыхэм къызэІуахыфынущ сомыр нэхъ къарууфІэ ящІыныкІэ Іэмалхэр.

- Дигуэхэр фІы щыІуэ ара?

- Хьэуэ. Іэнатіэ щхьэхуэхэм (АПК-м, промышленность псынщІэм, машинэхэр щІыным) жыджэру заІэту хуэжьащ. Абыхэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэхэр нэгъуэщІ къэралхэм етщэу щІэздзащ. Мис а щхьэусыгъуэм къыхэкІыу 2014 гъэм и дыгъэгъазэм къэхуам къытригъэзэжьнкІэ хъунущ - абы щыгъуэм ежауэ цІыхухэм зы долларыр тумэнипщІкІэ къащэхурт. Ауэ иужькІэ яхуэщэжакъым. Аращи, долларэр мы зэманым къамыщэхумэ, нэхъыфІщ. ЕпІэщІэкІын хуейкъым. Банк нэхъыщхьэм илъэхъэм я фІыгъэкІэ урысей валютэм зрагъэІэтынымкІэ Іэмал къыкъуокІ. Ар къамыгъэсэбэпыныр делагъэщ.

- Урысейм и экономикэм ехьэлІа сыт хуэдэ Іуэхуэхэра псом япэ зэфІэгъэкІыпхъэр?

- Мы зэманым ахъшэр экономикэм зэрынагъэсыф Іэмалхэр къызэгъэпэщын, банкхэр къэрал унафэм ткІийуэ щІагъэувэн хуейщ. Къэтщтэнти, Китайр. КНР-м иІэт инфраструктурэ облигацэхэр. Ауэ ар зэран къыхуэхъуакъым производствэм ахъшэшхуэ хилъхьэн папщІэ Абы щыгъуэми, инвестицэ занщІкІэ. Ди деж хуэдэуи, Китайм куэдым щыжаІэрт: дыхуейкъым, коррупцэм и щхьэр къиІэтынущ, къэрал банкхэр къызэІутхмэ (жысІэнщи, ахэр приватизацэ ящІащ икІи мы зэманым дунейм щынэхъ ин дыдэхэщ). Ауэ КНР-м зричащ. Ар дыдэр ищІащ Евросоюзми. Нобэ зыщІэтІэжьэн щыІэкъым. Зи къалэнэхм по-литикэ жэуапхэр я пщэ далъхьжьн хуейщ.

- Зэман гъунэгъум долларымрэ щыдагъэмкІэ къытпэплъэхэр сыт?

- ЩІыдагъэ баррелыр доллар 30 хуэдизкІэ ящэхунущ, зы долларыр сом 78-80 хуэдиз и уасэнущ.

ПОЛОВЦЕВЭ Еленэ.
«Мир новостей».

ЕмыпІэщІэкІмэ нэхъыфІщ

Ахъшэ

Ди лъэпкъ валютэр ягъэщІэтыфыну апхуэдэ къебэ-небэхэм? Сыт хуэдэ Іэнатіэхэра дэтІыгъын хуейр?

- ЗэрыгурыІуэгъуэщи, апхуэдэ щытыкІэр дэтхэнэ къэралми и экономикэм зэран хуэхъуфынущ. АрщхьэкІэ иджырейр зыкъомкІэ къащхьэщокІ 1998, 2008 гъэхэм щыІахэм. Банк кризис щыІэкъым, къэрал щІыбэ щІыхуэр нэхъ мащІэ мэхъу. Абыхэм къызэІуахыфынущ сомыр нэхъ къарууфІэ ящІыныкІэ Іэмалхэр.

- Дигуэхэр фІы щыІуэ ара?

- Хьэуэ. Іэнатіэ щхьэхуэхэм (АПК-м, промышленность псынщІэм, машинэхэр щІыным) жыджэру заІэту хуэжьащ. Абыхэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэхэр нэгъуэщІ къэралхэм етщэу щІэздзащ. Мис а щхьэусыгъуэм къыхэкІыу 2014 гъэм и дыгъэгъазэм къэхуам къытригъэзэжьнкІэ хъунущ - абы щыгъуэм ежауэ цІыхухэм зы долларыр тумэнипщІкІэ къащэхурт. Ауэ иужькІэ яхуэщэжакъым. Аращи, долларэр мы зэманым къамыщэхумэ, нэхъыфІщ. ЕпІэщІэкІын хуейкъым. Банк нэхъыщхьэм илъэхъэм я фІыгъэкІэ урысей валютэм зрагъэІэтынымкІэ Іэмал къыкъуокІ. Ар къамыгъэсэбэпыныр делагъэщ.

- Урысейм и экономикэм ехьэлІа сыт хуэдэ Іуэхуэхэра псом япэ зэфІэгъэкІыпхъэр?

- Мы зэманым ахъшэр экономикэм зэрынагъэсыф Іэмалхэр къызэгъэпэщын, банкхэр къэрал унафэм ткІийуэ щІагъэувэн хуейщ. Къэтщтэнти, Китайр. КНР-м иІэт инфраструктурэ облигацэхэр. Ауэ ар зэран къыхуэхъуакъым производствэм ахъшэшхуэ хилъхьэн папщІэ Абы щыгъуэми, инвестицэ занщІкІэ. Ди деж хуэдэуи, Китайм куэдым щыжаІэрт: дыхуейкъым, коррупцэм и щхьэр къиІэтынущ, къэрал банкхэр къызэІутхмэ (жысІэнщи, ахэр приватизацэ ящІащ икІи мы зэманым дунейм щынэхъ ин дыдэхэщ). Ауэ КНР-м зричащ. Ар дыдэр ищІащ Евросоюзми. Нобэ зыщІэтІэжьэн щыІэкъым. Зи къалэнэхм по-литикэ жэуапхэр я пщэ далъхьжьн хуейщ.

- Зэман гъунэгъум долларымрэ щыдагъэмкІэ къытпэплъэхэр сыт?

- ЩІыдагъэ баррелыр доллар 30 хуэдизкІэ ящэхунущ, зы долларыр сом 78-80 хуэдиз и уасэнущ.

ПОЛОВЦЕВЭ Еленэ.
«Мир новостей».

Псапэ

Гум къыбгъэдэкІыу

БынитІ зыфІэкІуэда адэм тхьэ иІуащ псэухукІэ зеиншэхэм ядэІэпыкъуну

Артёмов Сергей хьэрычэтыщІэщ, бззэрым вакъэ пІащІэхэмрэ щыгъынрэ щещэ. Ауэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм, мазэм хуэзэу тІэу, Ставрополь щыпсэухэм къыхуахьа ерыскъыхэмрэ хьэпшыпхэмрэ и «Газель»-м ирелъхьэри Донецк е Луганск ешэ. Артёмовым «Донбасс сшэнхэр зэхуэохьэс» псалъэхэр зытет и автомобилыр куэдым къацІыху, щыгъынхэр, ерыскъыхэр, сабийхэр зэрыджэгу Іэмэпсымэхэр къыхуахь.

Зауэм хэта и адэшхуэм зэриущиям тету

- Зи щхьэр къезыхьэжьа цІыхуэхэр Ставрополь ем ягъэ къыщІэздзащ мы Іуэхур - игу кьегъэкІыж Артёмовым. - Си гур мыуэу абыхэм саІуплъэфыртэкъым. Зауэм хэта си адэшхуэм зэпымыуэ къызжиІэрт: «ЦІыхухэм ядэІэпыкъун хуейщ, арыншамэ, зауэм дыщытекІуэнутэкъым». КъэІэпхъуахэр зыщІатІэхъуэ ящІащ. ЗэхэщІапІэхэм щыгъынрэ ерыскъырэ сшэрт.

Абыхэм я Іуэхухэр нэхъ зэфІуэва щыхъум Сергей Донецк кІуащ. Зэхэуэхэри и нэгу щІэкІащ.

- Зэгуэр, Дебальцевэ зауэлІхэм ерыскъы яхуэсшауэ, топышэхэр къэльатэу хуежьащ. Тельыджэу дыкъелащ. Иджы щытыкІэр нэхъ щабэ хуэдэщ, арщхьэкІэ топышэхэм я гъуэгуэ макъыр зэхьбох, - къеІуэтэж Артёмов Сергей.

Ар куэдрэ здэкІуэр Луганск, Красный Луч, Антрацит, Торез, Снежный, Алчевск къалэхэм дэт сабий унэхэрщ. Нэхъыбэу ишэри гъэшхэкІхэрщ, сабийхэм я ерыскъы щхьэхуэхэрщ.

Донбассым и сабий зеиншэхэм защІигъэкъуэну мурад щІищІам и щхьэусыгъуэр игу кьигъэкІыжьын абы фІэфІкъым.

- 1987 гъэм си къуэр псым итхьэлащ. Ильэсиц дэкІри, си пхъум лейкоз къеуэлІащ. Къахуегъэлакъым. Бынилым ящыщу къыс-хуэнар тІуц. Абы щыгъуэм си щхьэгъусэм жесІащ сабийхэм сазэрыдэІэпыкъунур. Арэзы хъуащ, езыми зыкъысщІегъакъуэ.

И хьэлэлагъыр ягъэунэху

ИлъэситІым кьиубыдэу спонсорхэри къыкъуэкІащ. Зыр машинэр зззгъэпэщыжьыныкІэ къыздоІэпыкъу, адрейм ахъшэ къызет, ещанэм нэгъуэщІ ІуэхуэхмкІэ зыкъысщІегъакъуэ. Іэхум къыхьхьащ члисэр.

Иужьрей мазэхэм машинитху-хыкІэ дежьэ хъуащ. Уеблэмэ, ди ГъусэУ нэкІащ Тэрч къззакъыдзэм и къэфакІуэ гупри. ИлъэсыщІэм Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ сабийхэм яхуэтшащ. ЦІыкІуэр кафем тшащ, Іэфы кІэ ядгъэшхащ, тыгъэхэмкІэ дгъэгуфІащ.

Сергей сурэт куэд иІэщ зэхуэхьэс псори жыхуиІам зэрынигъэсым и щыхьэту.

- ЦІыхухэм япэщІыкІэ шэч ящІащ. Язныкъуэхэм сагъэкъуаншэрт зэхуэсхьэс псори нэгъуэщІ бззэрхэм щысщэж хуэдэу, - кьытхуеІуэту Сергей. - Аращи, сурэт тесхьн хуэй мэхъу. ЛІы гуэрым къысхуихьащ фо зэрыт литрищ банкІ, къызэлъэІуащ ар сабий унэ пыуыкІам хуэсшэну. ИужькІэ апхуэдэ банкІ зыбжанэ иІыгъыу къакІуэри къызэлъэІуащ сигъэунэхуну зэримурадар хуэзгъэзэгъуну. Тамохэм сэ зэпымыуэ сыкъыщапщытэ, сыкъащІыхуа пэтми.

Сергей гугъуехьэм къагъэувыІэркъым: сабийхэр зэриГъэгуфІэм псори щегъэгъупщэж.

- Сэ иджы хэт папэкІэ, хэти дадэкІэ къызоджэ, - жеІэ Артёмовым. - СыщІыхьа иужь си Іэхэр яубыд: «НакІуэт, уэзгъэльагъунти сыщыжейр. Епльыт сэ сщІа суэрэтым». Сабийхэр гулъытэ хуейщ. Ахэр къуанщэкъым зыкІи.

ИВРИШНЭ Аннэ.
«Комсомольская правда».

Улахуэ

Апхуэдэхэм зэи загъэнщІынукъым

2016 гъэм къэрал къулыкъущІэхэм я курыт улахуэр Урысейм сом мини 111-рэ щыхъуащ. Ар къэралым ику иту щызекІуэ лэжьапщІэм нэхърэ хуэдищкІэ, 2014 гъэм зэрыщытам нэхърэ процентитІкІэ нэхъыбэщ. Абы щыгъуэми илъэс и пэкІэ Медведев Дмитрий Іэ тридзат къулыкъущІэхэм я улахуэр процент 10-кІэ ягъэмэщІэным теухуа унафэм.

ЕЗЫ къулыкъущІэхэри улахуэхэмкІэ зэхуэдэкъым. Къэрал къулыкъущІэ къызэрыгуэкІхэмрэ лэжьапщІэкІэ хуабжьу зэщхьэщокІ. Фелпльт: район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и улахуэр Іэщ Іагъэлі-медикым ейм нэхърэ хуэдэ 20-кІэ нэхъыбэщ. Аращи, псом япэу унафэщІэрщ зи улахуэхэм хэхъуэр.

Сыт атІэ премьерым и унафэр зэрамыгъэзащІам ищхьэкІэ гу щІыщІылъамытар? Хэхьныгъэхэм япэ къихуэу щІыпІэхэм унафэ щызыщІэкр гъэфІэныр властым и иджырей политикэр зыхуэгъэзза мурадхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр арагъэнущ. Абыхэм хуабжьу егупуу къызэрагъэпэщ фокІадэм екІуэкІыну хэхьныгъэхэм властым и партым текІуэныгъэ къыщыхуэзыхьыну гупхэр. Абы къыхэкІыу мы зэманым къулыкъущІэхэм я улахуэр зыми игъэмэщІэнукъым. Уеблэмэ, абы и пІэкІэ сыт и лъэныкъуэкІи хущІэкъунущ зи гугъу тщІыхэм я хэхъуэхэр къалэтыным. И щхьэусыгъуэри ахэр партым и къару нэхъыщхьэу зэрыщытырщ. КъулыкъущІэхэр партым и активщ икІи ахэр ІупэфІэгъу къащІ я Іуэху хэхьныгъэхэм къыщикІын папщІэ. Хэбгъэзыхьмэ, зи улахуэхэр мыинхэми льготэхэр, саугъэтхэр хущІагъу.

Ауэ ищхьэкІэ щыІэхэм яхуэмыдэу, урысей къызэрыгуэкІхэр а псоми фІы дыдэу щыгъуаззщ. ЯІпагъу властым и иджырей политикэр зыхуэгъэзза мурадхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр арагъэнущ. Абыхэм хуабжьу егугъуу къызэрагъэпэщ фокІадэм екІуэкІыну хэхьныгъэхэм властым и партым текІуэныгъэ къыщыхуэзыхьыну гупхэр. Абы къыхэкІыу мы зэманым къулыкъущІэхэм я улахуэр зыми игъэмэщІэнукъым. Уеблэмэ, абы и пІэкІэ сыт и лъэныкъуэкІи хущІэкъунущ зи гугъу тщІыхэм я хэхъуэхэр къалэтыным. И щхьэусыгъуэри ахэр партым и къару нэхъыщхьэу зэрыщытырщ. КъулыкъущІэхэр партым и активщ икІи ахэр ІупэфІэгъу къащІ я Іуэху хэхьныгъэхэм къыщикІын папщІэ. Хэбгъэзыхьмэ, зи улахуэхэр мыинхэми льготэхэр, саугъэтхэр хущІагъу.

Ауэ ищхьэкІэ щыІэхэм яхуэмыдэу, урысей къызэрыгуэкІхэр а псоми фІы дыдэу щыгъуаззщ. ЯІпагъу кризисым дыщыхэт зэманым цІыхубэм фІэкІа абыхэм ябг зэрыщІамыкъуэгъэ: ятх бжыгъэхэм тещІыхьауэ щымыт инфляцэ пэжым хэхъуэхэр егъэкІуэщІ, щІыпІэщІыпІэхэм улахуэхэр щагъэгувэ. Абыхэм ящІыгъуж къагупсыса капитальнэ ремонтым папщІэ халъхьэхэр. КъулыкъущІэхэр улахуэшхуэхэмкІэ ирикъуамэ зыгуэрт, ауэ дэнэ щІыпІи коррупцэр щызэщІогъагъэ. Къалэ унафэщІхэмрэ губернаторхэмрэ яхуэгъэза уголовнэ Іуэху хэІэтыкІа зытІущми жылагъуэм я фІэщ ящІыфыркъым захуагъэ щыІэу, абы гъуэгу игъуэтыжу: къэралым зэрызэхадыгъуэм щыхьэт текъуэ хуэдэйэщ ахэр къызэрилъытэр.

Тетыгъуэр зейэжи егупсысамэ хъарзынэт хэхъуэхэмкІэ щыІэ зэхуэмыдэныгъэм, къулыкъущІэхэр атхуэдизу зэрагъафІэм къэралым щыщыІэ щытыкІэр зэрызэІигъэхьэм. Властым пиупщІ хъунукъым зытес хущІамэр. Абы и гупэр зыхуигъэзэн хуейр къулыкъущІэхэркъым, атІэ хэхакІуэхэращ. УнафэщІхэраркъым, атІэ цІыхубзращ экономикэр ипэкІэ зыгъэкІуатэр.

СОЛОВЬЁВ Вадим,
Къэрал Думэм и депутат.
«Аргументы и факты».

Лэжьыгъэ

Насыпыр здэщыІэр

Дыдейкэр факъырэ щыхъу зэманым, европей къэрал зыбжанэм Пособиеу Урысейм щызекІуэ улахуэ мыпейм хуэдиз цІыхухэм щратыну къэІуа хъыбарым дызэгуигъэпын хуей хуэдэт. АрщхьэкІэ апхуэдэ щыкІэкІэ пщІэншэу шхэну хуэмейкэр нэхъыбэщ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ Іэщ Іагъэ ІлІхэм ди цІыхухэм интернет сайткІэ зыхуагъэзащ къехьэкІ-нехьэкІ зыхэмылъ мыпхуэдэ упщІэкІэ: уэ Швейцариэм е Финляндиэм зыри умыщІэу еврэ 800 хуэдиз къущату щытамэ, дяпэкІи улажьэнт хьэмэрэ зтІысыжьынт?

Урысейхэм я процент 23-м жаІэщ зэтедзауэ дыщысынт, ГъащІэм дыщыгуфІыкІыу. Ауэ процент 67-м жэуап кьатащ: хьэуэ! Ахъшэркъым насыпыр зыхэлъыр!

Сыт а бжыгъэхэм къыбжаІэр? Ди цІыхухэм я лэжьапІэр фІыуэ зэралъагъура? Сыту фІыт апхуэдэу щытамэ! АрщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрыхъунци, социологхэм къагъэльагъуэ: урысейхэм я процент 80-м хуэдизыр гукъыдэжьынщэу лэжьакІуэ макІуэ. КъызэхэкІри, ягу ирихь Іэнатіэ зэрыпэрымытырщ. Къыс-хуэвгъэгъу, ауэ иужь илъэс 20-м дэ къэдгупсыса егъэджэкІэ хабзэм цІыхум Іэмал кьритыркъым фІыуэ илъагъу Іэщ Іагъэ зригъэгъуэтыну. Нэхъыщхьэраци, абы ирилэжьну. Аращи, къигъуэтыфа Іэнатіэм пэрытщ.

Ауэ цІыхухэм зэреупщІам къигъэлъэгъуахэм фІыуэ хэлъыр зыщ: апхуэдэ щытыкІэр зэрымытэмэмыр къазэрыгурыІуэрщ.

Урысейхэм ахъшэ яфІэфІщ, ауэ абы пщІэ хуащІыркъым. Ахэр хуейщ ахъшэ къызэрыпэкІуэм и мызакъуэу, лэжьыгъэм дэрэжэгъуи кьыпхилъхьэну.

«ЕмыкІуи насыпыфІэу ущымытыну!» - итхащ драматург телъыджэ Володин Александр. Ауэ ди цІыху куэдым кьалъытэ унасыпыфІэну емыкІуу. Дэ десащ дигу иримыхь лэжьыгъэм дыпэрыту: зэрыхъум хуэдэу дощІ.

Игу иримыхь Іуэху зэрищІэмкІэ дэтхэнэми зегъэзахуэ: и унагъуэм, и сабийхэм ахъшэ кьахуелэжь.

НасыпыфІэу ущымытынкІэ емыкІуькъым, ауэ ахъшэ къудей щхьэкІэ улэжьэнкІэ емыкІуц. Ахъшэхэм уаІэтыркъым, гукъыдэж къыпхэзылъхьэр фІыуэ плъагъу лэжьыгъэрщ. Урысей цІыхур щыгуфІыкІыну къыщІэкІынт зыри имыщІэу къыІэрыхьа ахъшэм, ауэ абы ириукІытэнт.

ГъэщІэгъуэнщ, ауэ мылажьэу ахъшэ къратыну къыхалъхьамэ, цІыху дапщэт чэзум хэувэнур?

МАКСИМОВ Андрей,
тхакІуэ, телевизионэм езыгъэкІуэкІ.
«Аргументы и факты»

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Дыщэ дыхуей?

Упщ Іэ - жэуап

Урысейм хегъахъуэ и дыщэ гъэтІылъыгъэхэм, ауэ Канадэм езым ейхэр ещэж. Дыщэр ди къэралым и экономикэм зыгуэркІэ щІэгъэкъуэн кьыхуэхъуэр? Абы Іуэхуэхэр зэриГъэкІуэфрэ?

А УПЩІЭХЭМ жэуап кьрет Гайдар Егор и цІэр зезыхьэ институтым къэхутэныгъэхэмкІэ и центрым и Іэщ Іагъэлі пажэ **Хромов Михаил**:

Дыщэр хьэпшыпщ, абы Іуэхуэхэр зэригъэкІуэфынукъым. Абы щІэупщІэшхуэ иІэкъым. НэгъуэщІу жыпІэмэ, пщэну гугъущ. Канадэм и апхуэдэ гъэтІылъыгъэхэр иригъэкІыу псынщІэу къэбгъэсэбэп ахъшэхэр зригъэгъуэтыну и мураду къыщІэкІынущ. Дэ ди деж металл лъапІэр Банк Нэхъыщхьэм къэрал кІуэцІым къыщецэжу икІи ар къыщалъытэ дыщэ къыщІэзыхьэм экономикэм хуащІ хэлъхьэныгъэу.

Урысейм хуэдэу Канадэри хохьэ а хъуГъуэфІыгъуэр хьэпшыбэу къыщыщІах къэралитухэм - Китайм, Австралием, Урысейм, США-м я ужькІэ. Ауэ Іэщ Іагъэлі зыбжанэм къызэралъы-тэмкІэ, Канадэм езым и дыщэ гъэтІылъыгъэхэр ещэж США-м апхуэдэ унафэ къызэрыхуищІам кьынэхьну. Псори зытещІыхьар дыщэм и уасэр ирадыхьныр. ИкІи, зэрытьатэгъущ, а металл гъуэжьыр нэхъ пуд хъуэр хуежьащ. Абы щыгъуэми, езы США-м и дыщэ гъэтІылъыгъэхэр 2007 гъэм зэрыхъуу щытам тетщ - хэхъуэркъым икІи хэщІыркъым.

«Аргументы и факты».

Бельгиер мэщыгъуэ

А къэралым и щыхьэр Брюссель вэсэмахуэ щалэжьа хьэкІэхъуэкІагъэм Европэ псор игъэгулэзащ. Мыбы зэуэ лагъымищ къыщагъэуащ - кхъухьлъатэм итІысхьэн и пэкІэ цІыхухэм я тхьилъхэр къыщапщытэ, абы итІысхьэным щыпэплъэ пэшым лагъымитІ, кьалэ метром зы.

Кхъухьлъатэ телъэтыкІыпІэм цІыху 14, метром цІыху 20 щыхэкІуэдащ, цІыху 200-м щІигъу уІэгъэ хуащ, абыхэм ящыщу 20-м нэблагъэр хьэлъэ дыдэщ.

ЩІэпхъаджащІэхэм къагъэуа лагъымхэм ящыщ зыр пхуантэм дэлъу аэропортым щІашауэ хуагъэфащэ. Іуэхур зэхагъэкІ.

ХЪЫДЗЭДЖ Борис:

Щыхэм театрыр фІыуэ ялъагъуу псэуныр си хъуэпсапІэщ

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къабэрдей къэрал драмэ театрым и артист Хъыдзэдж Борис емызэшу, щІэныгъэм хуэпабгъэу зэрыщытым ифІ къекІри, и мурадым лъэІэсащ. Ар ящыщ насыпыфІэу зыкъэзылъытэж цІыхухэм. ГъащІэ къэзыгъэщІа псоми абы дерс къыхэрихьым, ауэ зи ныбжьыр нобэ илъэс 65-рэ ирикъу Хъыдзэджым къыбжиІэни уэзриущиини и куэдщ.

КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Хъыдзэдж Борис ди республикэм къыщІызмыщІыхьурэ абы игъэзащІэ ролым щымыгъуазэрэ къэгъэтыгъуейщ. Алхуэдэу щытми, Хъыдзэджыр нэхъ гъунэгъуу фдгъэщІыхун мурад диІэу упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Илъэс 40-м щІигъууэ уэзыхуэлажьэ, уэзыхуэпэж ІэщІагъэр къыхэпхэ щІыкІэм щыщІбгъэгъэзамэ арат.

- Еханэ классым сыщІэсу Мысоостышхуэ Пщыгэбий хэту спектаклъ гуэр ди Абей къуажэ нашауэ сеплъати, занщІэу сызэщІиубыдэри, сыдихьхат. Сльэгъуа теплъыджэм сытригъэгушхэри, Пщыгэбий и адресыр къеІысащ икІи зэхуэтхэщІэддзэри, ныбжьыгъуфІ дызэхуэхъуащ. ЗанщІэу жысІэну сыхуейщ си гъащІэм увыпІэ нэхъыщхьэ щадыбыду нэхъыжьыфІ куэд ныбжьыгъуу, цІыхугъэу сызэриІар, абыкІи си насып къыкІауэ жыпІэ хьунущ. Ахэр уэзрицІыхугъэ къудейм угъэгушхуэрт. Апхуэдэхэщ Мысоостышхуэ Пщыгэбий, Къардэнгъущ Зырамыку, ІуцІрыпхъ Борис, Нало Заур сымэ, нэгъуэщІхэри.

Щукиным и цІэр зэрихьу Москва дэт еджапІэр къэдухьу къыщыдгъэзэжам нэхъыжьыфІхэу, театрым и лъабжьэр зыгъэтІылъахэу Болэ Мурат, Сонэ Мухьэрбий, Дыщэкі Кіунэ, Тіыхьужь Алий, Токъуий Хьусен, Сибэч Быхуэ сымэ дарихьэлІэри, утыку дыхьэдитыну си насып къыкІащ. Абыхэм къахьхьащ Къаздэхъу СултІан, Мысоостышхуэ Пщыгэбий, Сэкрэк Мухьэдин, Шыгъушэ Лидэ сымэ. Ахэр театрым и тхыдэм къыхэна артист цІэрыІуэ защІэщ. Абыхэм къакІэльокІуэ нобэ ди театрыр зыгъэбжьыфІэ, псоми фІыуэ ялъагъу Жьакіэмыхъу Кіунэ.

Си ІэщІагъэр къыхэзыххари? Къыхэсха сэ ар? Артист дунейм и Іупхъуэ къуагъым сыщыкъуэплъэм къэгъэзэжьыпІэ сиІакъым *(мэдыкъэшх)*. Зэрыхъуар мыращ. Еянэ классым сыщІэсу, урысибэзэмкІэ дезыгъаджэ Гузбэшы Амурбэч къызбгъэдыхьэри, «Акъсырэ Залымхъан и пьесэхэр уиІэу жаІэри, пэж?» - щыжиІэм, къызэригъэсэбэпынумкІэ сеупщІа иужь, ТекІуэныгъэ Иным ирихьэлІэу игъэувын мурад зэриІэмкІэ къыздэгъэшащ. Апхуэдэу щыхъум, сэ егъэджакІуэм хуэсІуэтащ а тхылъым зауэм теухуауэ «Дыгъэ къыщыщІэкІым» пьесэр зэритыр. А зэманым адыгэбзэкІэ къыдэкІ псоми седжэрт, ар зи фІыгъэри си анэ тхьэмыщкІэрат. Езым щІэныгъэ имыІэми, абы адыгэ тхыгъэхэр къызэрымыкІуэ фІыуэ ильагъурти, сыкъригъаджэ зэпытт.

Гузбэшыр пьесэм зэреджэу, игу ирихьри, къищтащ, сэрэ си классэгъу Бесльэной Татьянэрэ, епщІанэ классым щІэсхэм, къуажэдэс нэхъыжьхъэм ящыщи къыхихшэри, ежь Амурбэчи кьытхэту, пьесэр екІуу, фащэкІи дыкъызэгъэпащэу, игъэувауэ щытащ. Ди щІэнальэр къызэхэткІухьат ар дгъэлъагъуэу.

1967 гъэм Гузбэшыр Москва дэт ГИТИС-м режиссёрым щыхурагъаджэ и кудамэм щІэтІысхьащ. Кудым абы и цІэр къащІэжыну къысщохъу. Ар «Школьный вальс», «Дорога на край жизни», нэгъуэщІ фильм зыбжанэм я режиссёру щытащ, езыри артисту кинохэм хэтащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ театрым и дунейм хьыба Гузбэшыр сэри къыздэІэпыкъуащ. Ауэ, шэч хэмылъу, си сабиигум актёр Іэщіагъэм и мафІэр щызэщІэзыгъэнар Мысоостышхуэ Пщыгэбийщ.

- Школыр къыщыбуха зэманым артист Іэщіагъэм къыщыщымыщІауэ, нэгъуэщІ гуэрми зеппщытыну уэуейуэ, гуитІщхьитІу ущытт хьэмэрэ ар щэч къызытумыхьэжт?

- Сэ школыр къыщызухар 1969 гъэрат. Щукиным и цІэр зезыхьэ училищэм, илъэс дэкІмэ, зы гуп зэрагъэкІуэнур Пщыгэбий къызжиІауэ зызгъэхьэзырырти. Фермэм и унафэщІ Къардэн Фузел абы сыщылэжьэну къыщыщэлъэІуэм, си Іуэху зытетыр жесІэри, абы сыкІуащ ауэ мэлыжьхьыз мазэ пщІондэ фІэкІа зэрызызмыгъэгувнури щызэбзыщІакъым. Зэманыр кІыщыблагъэм, училищэм щІэтІысхьэнухэм я ГыусэУ экзаменхэр стащ, ауэ абы щІэхуахэр наІуэ хъуху зыми хъыбар егъэщІауэ щытакъым.

- Щукиным и цІэр зезыхьэ училищэм театрым и дуней телъыджэм кууэ ущыхашэри, Іэщіагъэм и щэху псори сэтей къыщыпхуащІащ. Уэ театрыр уи нэгу къыздэрыщІэбгъэхьэмрэ егъэджакІуэхэм уи пащхьэ къралъхьэмрэ кУэдкІэ зэщхьэщыкІрэт?

- Куэд дыдэкІэ. Училищэр Вахтанговым и цІэр зезыхьэ театрым и школщ. Езы театрым Щукиным и училищэр къэзыуха фІэкІа къащтэркъэ. Дэ ди насып къриихьэкІри, езы Вахтанговым и Іэнэсэну щыта цІыху зыщыплІым, Щукиным и щхьэгъуэсэри яхэту, драгъэджащ. Ар си дежкІэ школыщхьэт. Таурыхым дыхэтым хуэдэт дыщеджэ зэманыр. Вахтанговым и цІэр зезыхьэ театрым щагъэува пьесиплІым дыщымыпсалъэу ауэ къалэн пыухыкІа ди пщэ дэлъу дыщыдджэгуащ. Училищэм дыщыщІэтІысхьам иужьрей курсым щІэсхэр къыхащыпкІауэ артистыфІ защІэт. Ди егъэджакІуэм къыджиІауэ щытащ апхуэдэ курс лъэщ дызэрырихьэлІамкІэ ди насып къызэрикІар. Абы щІэсахэр хэт жыпІэмэ, Гнедаревэ Наталье, Варлей Наталье, Тихонов Владимир, Райкин Константин, Богатырёв Юрий сымэт. Абыхэм я диплом лэжьыгъэхэм дащыдэлэжьащ. Ар, дауи, насыпышхуэт.

- БгъэзэщІа ролхэм ящыщу уигу нэхъ зыкІэрыпщІам и гугъу уэзгъэщІынут.

- Республикэм къыщыдгъэзэжам ди гупым спектакли 8 къэтшэжауэ щытащ. Ди гъусахэм ящыщу Шэрджэс Мухьэмэдэр Фырэ Русланрэ режиссёр Іэщіагъэм заочнэу хуеджати, 8-м ящыщу зыр Фырэм игъэуват, адрейхэр ди егъэджакІуэхэм я лэжьыгъэт. Шекспир Вильям и «Епщыкіутіанэ жэщыр», Еврипид и «Ипполитыр», Вампилов Александр и «Къуэ нэхъыжьыр», Горький Максим и «Мещане» жьхуиІэр спектакль къыхэщыпыкІа защІэт. Ахэр ди республикэм и щІынальэхэм, къуажэхэм тшэурэ дыкІуэрти, цІыхухэм дыкъамыутІыпщыжу даІыгът. Мис ахэр сигу кьинэжащ.

Іутіыж Борис и «Эдип» пьесэм Креон и ролыр щызэгъэзэщІащ. Ар роль тынш-хэм ящыщтэкъым, ауэ гукъинэж зыщІыжыр аракъэ. Артистым зы зэчий гуэр бгъэдэлъэ, абы къигъэнІуэнут. Ар зыгъэувауэ щыта Теувэж СулътІан режиссёр бэлыхьэ, абы хуэдэу артистхэм я бзэм елэжьэр ар зыгъэкъабзэрэ щыІуэ къыщІэкІынкъым. Хьэрф къэскІэ артистхэм зэхэщІыкІыгъуэу къажьэджкІыным егугъурт, гумызагъэт, арат игъэувэкри къыщІекъуІэр. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди артистхэм я нэхъыбэм я зэчийр Іутіыж Борис и пьесэхэм къызэрагъэнэІуар. Ар псом япэ си фІыгъэр драмэ гургрыщ, абы и Іуэхугъэ фІыщІэ мыух Іутіыжым хуэтщІыпхъэщ.

- Сэ сызэрыщыгъуаэзмкІэ, уэ художественнэ тхыгъэ куэд адыгэбзэм къыбогъэтІасэ, тхылъ уеджэн пІэфІщ. Ауэ щыхьукІэ, езым апхуэдэ гуэр умытыр пэж?

- Хьэуэ, стхыркъым, ауэ куэд седжэну сфІэфІщ. Лъэпкъ литературэм художественнэ тхыгъэ нэх къыщыхэхъуэкІэ сыщогугІыкІ, ятхэхэм радиокІэ сыкъыщеджэ щыІэщ.

- Радиом уэзрыщылажьэр, а Іуэхум хэша уэзрыхьуар сфІэгъэщІэгъэнщ.

- Сэ езыр радиом сыкІуэри, Къэрмокъуэ Мухьэмэд и рассказ сыкъеджэну сызэрыхуейр Журт Биберд щыжесІэм (арат а зэманым радиом и редакторыр), кьыспэрыуакъым. Режиссёр Ащнокъуэ Тамарэ деж сигъэкІуати, дзыхьмыщІу къызэплъа щхьэкІэ, рассказым сыкъызэреджэру кьысщыгуфІыкІауэ щытащ. Абдежым щедгъажьри, езыхэми тхыгъэ къагъуэтурэ, сэри сигу ирихь срихьэлІэмэ, яхуэсхьурэ дыдзэдолажьэ иджыри кьэс.

-Гъащіэм кьаруКъущитрэ гурыфІыгъуэу уиІэм и гугъу уэзгъэщІынут.

- Япэрауэ, сыкъызыхэкІа лъэпкъыр. Къыздалъхуахэм срогушхуэ. СытІкІи зыкъсщІиГъакъуэу икІи крик ткІийуэ си щхьэгъусэр сиІэщ. Зы спектаклри ди Іэнэкъым ар нэмыкІуэу, гъэщІэгъэнракъэ, актёр Іэщіагъэ имыІэми, куэдым гу лъитэу апхуэдэщ, ущыджэгукІэ еблэгъэлёми, уигу хэмыхьэми елъагъу. Си щхьэгъусэм и адэ-анэхэу Жырыкъэ Іэбугаррэ МыІуминатрэ я цІыхуфІагъымрэ яхэлъа хабзэ дахэмрэ къыпхуэмыІуэтэным хуэдизщ. Я быным хуэдэу сыкъалъагъуу щытащ зэщхьэгъусэхэм. ГъащІэм ныбжьэгъу гъэунэхуп Іэ сригъэзуящ куэдрэ, нобэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъу сухуэІэнущ ныбжьэгъуфІхэр сызэриІэр.

- Уи хъуэпсапІэхэмрэ зыхуэбгъэувыж мурадхэмкІэ укъыддэгугъэшамэ арат.

- Ди нэхъыжьыфІхэм хуэдэу, иджыпей актёрхэри фІыуэ ялъагъу, театрым спектакль гъэщІэгъуэн, дерс кьызыхахьи гупсысэ зыщІэлъхэр щыдгъэувыну, ди цІыхухэм театрыр фІыуэ ялъагъуу, режиссёр бэлыхьэр диІэныр си хъуэпсапІэщ. Ди щэнхабзэм игъуэт пщІэр нэхъ лъагэ хъуну сыщІокъуэпс. А Іуэхум и хэкІыпІэм и зы щапхъэ кьыфхуэсхьынщ. Осетие Ищхъэрэ-Аланием совет зэманым обкомым и ипэ секретарыу щыта Кабалоев Билар театрыр апхуэдизкІэ фІыуэ ильагъурти, репетицэхэми кІуэурэ артистхэр зэрылажьэм еплъу щытауэ жаІэж. Ар куэдым щапхъэ яхуэхъурт. Ди пашэхэм щэнхабзэр апхуэдэу фІыуэ зыльагъу къаухэкІамэ, адрейхэми абы зыдащІурэ театрым и Іуэхур нэхъ кІуэтэнут.

Кьыхэзгъэщыну сыхуейт театрым узыщыгугъ хъун щІэблэ хъарзынэ зэриІэр. Театрым щылажьэм и процент 80-р Щукиным и цІэр зезыхьэ училищэм щеджащ. Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтыр къэзыухахэри Щукиным и училищэм щІэсахэращ езыГъэджэжьари, ахэри куэдкІэ зэпэжьжьэу сухуэІэнукъым. Щукиным и училищэр 2015 гъэм къэзыуха щІалэгъуалэ дахэ кьыгтхуэкІуэжащи, абыхэм я зэфІэкІ дяпэкІэ кьагъэльэгъэну дыщогугъ.

Хъыдзэдж Борис дзрэжьгъуэ, узыншагъэ, ролыщІэ щымыщІну псэуну и щхьэгъусэ Жырыкъ Іэсятрэ езымрэ илъэс куэдкІэ зэдэузынышэну дохъуэхъу!

Епсэльар

ЩОМАХУЭ Залинэщ.

«Къэзышэхэмрэ ящэмрэ» спектаклым щоджэнгъ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Лохвицкэм и «Уафэгъуэгъуэ макъ» спектаклым Офрейн и ролыр щегъэзащІэ. *1989 гъэ.*

● Футбол

Гъуэгуанэ кІыхьым и щІэдзапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и кубокыр 2016 гъэм къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм щэбэт кІуамрэ тхьэмахуэмрэ щидзащ. Илъэс ныкъуэкІэ екІуэкІыну зэпеуэм хэтщ ди республикэм и командэ нэхъ лъэщу 32-рэ.

ФИНАЛЫМ и 1/32-нэ Іыхьэм и зэІущІэхэр хуабжьу хьэлэмэту екІуэкІащ. Абы и щыхьэтщ джэгум хуэхуа зэманыр яхуримыкъуу язынныкъуэхэм къызэрыхущІагъуар, я Іуэхухэр генальтикІэ зэхэзыгъэкІаи зэрыщыІар. Къапщтэмэ, «Нартымрэ» Прохладнэ къикІа «Горис-179-Кавказкабель»-мрэ сыхьэтитІым щІигъкІэ ерыщу Нарткъалэ щызэпэщІэтами, нэхъ лъэщыр наІуэ хъуэкъым. Арати, зэІущІэ нэужь генальтизэм Іуэхух хуэкІуащ. Абыкіэ нарткъалэдэсхэр хэпщІыкІыу нэхъ ІэкіэлъэкІуэу къыщІэкІащ.

«Налшык ФК»-м хуабжьу хигъэзыхьащ илъэситІ ипэкІэ республикэм и кубокыр зыІэщІэлъа «Кэнжэр». Къалащхьэм и командэщІэр хьэрхуэрэгъу лъэщым зыкІи къыпикІуэтэжьам икІи джэгум хуэхэ зэманым химыгъэщІэфами, къыщІагъуэм щІэкІыІыфащ.

УзыпэпимышэнкІэ Іэмал иІэтэкъым Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ университетымрэ Хьэтіохъущы-къуей къуажэмрэ я командхэм Налшык и Сабий стадионым щрагъэкІуэкІа зэІущІэм. Студентхэр 3:0-у я пэ зэрищам къыпщІагъэхъуат абыхэм текІуэныгъэр я Іэрыпльхэу. Арщхьэкіэ къуажэдэсхэм лІыгъэ къакъуэкІащ икІи джэгум хуэхэ зэманым бжьыгъэр зэхуэдэ ящІыжри, къыщІагъуам я къэрэгъуэгъэр хагъэщІэфащ.

ЗэпэщІэжьа командхэр зэкІэ къарукІэ зэрызэхуэмыдэм и щхьэгъусэ екІуэкІа зэІущІэ 16-м ящыщу 9-р бжьыгъэшхуэкІэ зэриухар. Псом хуэмыдэу хьийм икІат зи хьэрхуэрэгъуэм топ 15 зэуэ яхудэзыгъэкІа «Автозапчасть»-мрэ, къыпэщІэуважэм 13-рэ я жагъуэ зыщІа «Велес»-мрэ.

Щыгъуазэ фхыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и кубокыр 2016 гъэм къахьыным теухуауэ ирагъэкІуэкІа япэ зэІущІэхэм къарикІуа бжьыгъэ псоми: «**Налшык ФК**» (Налшык) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **3:3**, *къыщІагъуа зэманым* - **5:4**, «**Горец** «(Балъкъэр Ипщэ) - «**Іэдиихху**» (Іэдиихху) - **2:4**, «**Къэщхьэтау** «(Къэшхьэтау) - «**ЛогоБАЗ**» (Бабугент) - **1:4**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **0:4**, «**Ремонтник**» (Прохладнэ) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **4:1**, «**Къундэтей**» (Шэджэм Етіуанэ) - «**Жулдуз**» (Хьэсэней) - **1:5**, «**Горец**» (Налшык) - «**Спартак-Налшык-Д**» (Налшык) - **1:3**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Горис-179-Кавказкабель**» (Прохладнэ) - **1:1**, *къыщІагъуа зэманым* - **2:2**, *пенальтикІэ* - **4:1**, «**КъБКъМУ**» (Налшык) - «**Хьэтіохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - **3:3**, *къыщІагъуа зэманым* - **3:4**, «**Союз**» (Налшык) - «**Школа №31**» (Налшык) - **6:0**, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтІуанэ) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **2:0**, «**Бедик**» (Арщыдан) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **0:4**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Спарта-2**» (Налшык) - **15:0**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**Вольнэ Аул СДЮШОР**» (Налшык) - **5:0**, «**Ансар**» (Налшык) - «**Малка**» (Малкэ) - **2:1**, «**МурБек СДЮШОР**» (Налшык) - «**Велес**» (Къэрэгъэш) - **0:13**.

ТекІуэхэр финалым и 1/8-нэ Іыхьэм ікІуащ. Абы хьыхь зэІущІэхэм ящыщу нэхъ хьэлэмэтынур «Къэхъунымрэ» «Автозапчасть»-мрэ я зэпэщІэтыныгъэращ. Нэгъабэ ахэр финалым щызэныкъуэкъуащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КъБР-м и прокуратурэм

ХэщІыныгъэр ирагъэпшыныж

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ щідзащ УФ-м и Федеральнэ налог Іэнатіэм и щыналъэ зэхуаку инспекцэ №4-м и Іэтащхьэм и къуэдзэу, а инспекцэм и къудамэм и унафэщІу щытахэм яхуэгъэзауэ къызэІуаха уголовнэ Іуэхумкіэ тхылъым. Ахэр ягъэкъуаншэ Урысей Федерацэм и УК-м и 286-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм и «в» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэ ялэжьауэ.

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкІэ, «Дыщэ Велес» («Золотой Велес») ООО-м 2012 гъэм къэта тхылъхэм тІуми Іэ щІадзащ. Абы щыгъуэми, Іуэхущ Іапі эм спирту кьищэжу зэрыхъумрэ акцизым щІэта аванс ы мрэ зэрызэхуэмыкІуэм ахэр щыгъуаззт. Апхуэдэ щыкІэкІэ, акцизым хуэзэ аванс зэрыщыту химыльхьэу, и фейдэ хэльу этап спиртрыр кьызэрищэхун Іэмал обществэм кьыхуэзэрагъэпэщащ.

КулькъущІэхэм зэхащІыхьам и зэранкІэ, акцизым пэКІуэ аванс ахъшэу сом мелуан 570-м щІигъу федеральнэ бюджетым Іэрыхьакъым.

ХэщІыныгъэр ирагъэпшныжьын папщІэ, щІыналъэ зэхуаку инспекцэ №4-м и унафэщІым и къуэдзэу щытам и мылъкур (гаражыр, щІы Іыхьэхэр, автомашинэр) судкІэ къатхьэкъуащ.

КъБР-м Следствэмкіэ и управленэм зэхигъэкІыу зэрыщытахэр зэпэщІэтыным щыгъэхьэнкъым, щыхэпльэн щхьэкІэ, уголовнэ Іуэхур Прохладнэ щІыналъэ судым иратащ.

Уголовнэ Іуэхуитху къызэІуах

Щыхуэхэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыным теухуа законодательствэр зэрагъэзащІэр Лэскэн щІыналъэм и прокуратурэм къыпщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, лэжьапІэншэу зрагъэтхауэ, щІыхуитхум пособие къыІахыр. Абы щыгъуэми, районым лэжьыгъэмкІэ, щІыхуэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и центрым имыщІэу, улахуэ къызыпІэкІуэ лэжьапІэ псоми я Іэт.

Урысейм и МВД-м и «Аруан» щІынальэ зэхуаку къудамэм къэпщІэныгъэм теухуа тхылъхэм щыхэпльэри, УФ-м и УК-м и 159.2-нэ статьям и япэ Іыхьэмкіэ абыхэм яхуэгъэзауэ уголовнэ Іуэхуитху къызэІуахащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ ІапІэ.

● Зэхуэсхэр

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылаесэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Щирдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхъ секретарь), Къардэн Маринэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ ІапІэхэм ядэлжьэнымкІэ - 42-60-53; къыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-29
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныыгъэр зэхуэмыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІналъэ Іуэхущ ІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхъ секретарь Гъурыжь Мадинэ, *редактору* ЖЬэКІэмыхъу Маринэ, *корректорхэу* Афэ Тамарэ *(1, 4-нэ нап.),* ЩІхьэщэмыщІ Иэз *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* Нэужокъуэ Заирэ. *Компьютерхэр газетым и тепльэр ящІащ* Доп Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суэттхэм елэжьар* Биду Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №390

Адыгэ усыгъэм и пшыхь

ЦІыхум и гурыгъу-гурыщІэхэр къызэриІуатэ Іэмал нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщщ усыгъэр. ГъащІэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэри къызэщІеубыдэ абы. Ар зэманым декІуу, щыщыхьу зэхъуэкІынныгъэхэм пэджэжурэ добакъуэ.

ЦІЫХУ гъащІэр апхуэдизу зыгъэщІэращІэ усыгъэм и махуэр щагъэлъэпІащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Пшыкъым Хьэрэгъэблагъат еджапІэ нэхъыщхьэр къэзыуха тхаІуэ, усакІуэ, журналист ныбжьыщІэхэу Мыз Залинэ, Дзэгъащтэ Азэмэт, Щомахуэ Залинэ, Гугъуэт Заремэ, Хьэрэдурэ Аллэ сымэ. Мыбыхэм къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ, хьэуэху дахэкІэ зыхуагъэзащ, я ІэдакъэщІэкІхэм хьахуеджащ.

Мыз Залинэ къыщыпсалъэм къыхихгъащащ зэманым зэхъуэкІныгъэфІу кьихьа Іэмал псори иджыпей студентхэм я пащхьэ хьэзыру зэриІыр, икІи абы ипкъ иткІэ зыщІрагъэзыхуну, емыцІэжу зыкъыпрагъэхьину зэрыемыкІыр. КъБКъУ-м зэрыщІэсым ирипагэу, я зэфІэкІхэр иджыпсту щыщІэдзауэ ягъэлъагъуэу, щІэ къызэращІэным яужь иту, фІым хущІэкъуу зэрыщытын хуейри жиІащ.

Пшыхьым иджыри зы щІэщыгъуэ хэлъащ. Абы щытепсэлъыхьащ Шорэ Маринэ и тхылъыщІэ иджыблагъэ дунейм къытехьам.

Маринэ и усэхэм кьеджащ 1-2-нэ курсхэм щІэс студентхэр, щІэуэ итхахэм ящыщ езыми утыку къриухащ

ЗэІущІэм кърихьэлІат Псыхъурей къуажэм дэт школым щІэс, «Сигма» щІэныгъэ конференцым къыхэжаныкІа, усэным гу хуэзыщІахэу Хьуран Лианэрэ Бэрэдж Алинэрэ. Ахэри я усэхэм кьеджащ.

Иужьу псалъэ иратащ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмкІэ кафедрэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор ТІымыжь Хьэмыщэ. Абы жиІащ литературэ еджэщІэблэ узыншэ дызэриІэм зэрыгушхуэр. Адэкіи я зэфІэкІым хагъахьэуэ, я пщІэр, я цІэр яІэту псэуну ехъуэхъуащ псоми.

Пшыхьыр зэхуищІыжащ Хьэмырзэ Азэмэт Шорэ Маринэ и псалъэ дахэхэр зыщІэхъу уэрэдкІэ.

КУРПЫГЪУ Синэ.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетым 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныыгъэр зэхуэмыкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІналъэ Іуэхущ ІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33